**Литература**

1. Железнякова Е.А. Обучение тюркоязычных школников морфемной структуре слова на занятиях по русскому языку: этнокогнитивный подход. // Tambov University Review. Series: Humanities. 2020. T. 25. №189. – P. 87-95.
2. Qasserras L. Systematic Review of Communicative Language Teaching (CLT) in Language Education: A Balanced Perspective // European Journal of Education and Pedagogy. 2023. Vol. 4, No. 6. –P. 17–23.
3. Keith J. Lay., Mehmet A.Yavuz. Targeting Turkish-to-English interlingual interference through context-heavy data-driven learning. // SAGE Open. 2020. Vol. 10, No. 2. – P. 1-12.
4. Stella N. Ceytlin., Tatiana A. Kruglyakova. Case system in learning Russian as a first and second foreign language. // Russian Language Studies. 2024. Vol. 22, No. 1. – P. 135-149.
5. Унгарбаева А. Д. Exercises that contribute to improving the level of intercultural communication in the process of teaching Russian to Turkic-speaking students. // Вестник Карагандинского университета. Серия: Педагогика. 2023, № 3(111). – С. 92-100.
6. Бердимуратов Е. Ҳәзирги қарақалпақ тили. – Нөкис: «Билим», 2002.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада туркий тилли халқларга рус ва инглиз тилларини ўқитишнинг лингвистик, психолингвистик ва услубий жиҳатлари кўриб чиқилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются лингвистические, психолингвистические и методические особенности обучения русскому и английскому языкам представителей тюркоязычных народов.

**SUMMARY.** The article discusses the linguistic, psycholinguistic and methodological features of teaching Russian and English to representatives of Turkic-speaking peoples.

## MUZÍKA SABAǴÍNDA «SIMFONIYALÍQ ORKESTR» TEMASÍN OQÍTÍWDA INTERAKTIV METODLARDAN PAYDALANÍW

**G.J.Axetova** – *assistent oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar**: interaktiv metodlar, musiqiy cholg‘u asboblari, pasport, zig-zag, erudit uslublari.

**Ключевые слова**: интерактивные методы, музыкальные инструменты, методы паспорт, зиг-заг, эрудит.

**Key words:** interactive methods, musical instruments, methods passport, zig-zag and erudite.

**Kirisiw.** Ózbekstan Respublikasınıń 2020-jıl 23-sentyabrde tastıyıqlanǵan «Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızamı, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Ózbekstannıń jańa rawajlanıw dáwirinde tálim-tárbiya hám ilim-pán tarawların rawajlandırıw» ilajları haqqındaǵı 2020-jıl 6-noyabrdegi PQ-6108 sanlı qararı, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Ózbekstan Respublikasında Xalıq bilimlendiriw sistemasın basqarıwdı jetilistiriw» boyınsha qosımsha ilajlar haqqındaǵı 2018-jıl 5-sentyabrdegi PQ-5538-sanlı qararı Xalıq bilimlendiriw sistemasına aldınǵı shet el tájiriybeni, oqıw-tárbiya processine zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardı, sonday-aq bilim beriwdiń innovciyalıq usılların engiziw, oqıw hám oqıw-metodikalıq ádebiyatlardıń jańa áwladın jaratıw, ósip kiyatırǵan jas áwladtı ruwxıy-etikalıq hám intellektuallıq rawajlandırıwdı sapa tárepinen jańa basqıshqa kóteriwdi ámelge asırıwǵa baǵdarlanǵan.

Oqıtıwdıń interaktiv usılları - bul oqıw processiniń barlıq qatnasıwshılarınıń óz ara birgelikte háreket etiw usılları bolıp, bul jaǵdayda oqıwshılar passiv rol oynawdı toqtatıp, aktiv qarım-qatnasqa ótedi. Interaktiv tálim texnologiyaları balalar baqshasında, mektep yamasa basqa tálim shólkeminde oqıw procesin jáne de qızıqlı hám nátiyjeli etedi [1:187].

Oqıtıwdıń interaktiv usılların qollawdan aldın, qatnasıwshılar menen birgelikte sabaqta ózin tutıw qaǵıydaların aytıp túsindiriw kerek. Mısalı, bildirilgen hár bir pikir áhmiyetli; nadurıs pikirler joq; pikirińizdi bildiriwden qorqpań; bárshemiz teń huqıqlı sherikpiz; adamlardı emes, pikirlerdi talqılaymız; anıq, qısqa hám tolıq sóylew; bir-birin tıńlaw; tek tastıyıqlanǵan dálillerdi aytıw [2:13].

**Ádebiyatlar analizi hám metodologiyası.** Búgingi kúnde dúnya júzi ádebiyatlarında interaktiv usıllar hám olardı qollanıwdaǵı ózgeshelikleri haqqında bir qatar ilimiy pikirler bar. Usı tiykarda shet el ádebiyatları hám ózbek ádebiyatlarında M.V.Klarin [1:187], E.M.Deeva [2:13], J.Yuldoshev, S.Hasanov [3:218] tárepinen interaktiv metodlar hám olardı qollanıw keń túrde úyrenilgen.

Ulıwma bilim beriw mekteplerinde «Muzıka» pánin oqıtıwda interaktiv metodlardıń usıllarınan paydalanıwdı izertlewde «Pasport», «Zig-zag» hám «Erudit» interaktiv usıllardan paydalanıldı.

**Talqılawlar hám nátiyjeler.**

**«Pasport» usılı.** Bul usıl tómendegiler ushın paydalanıladı: alıngan bilimlerdi sistemalastırıw, ulıwmalastırıw ushın; úyrenilip atırǵan hádiyseniń áhmiyetli hám áhmiyetsiz ózgesheliklerin atap ótiw ushın; úyrenilip atırǵan túsiniktiń qısqasha sıpatlamasın jaratıw, onı basqa uqsas túsinikler menen salıstırıw.

Biz sabaq dawamında saz ásbaplar ushın pasport dúzemiz. Pasport ushın tayanısh sózleri mektep oqıwshılarınıń ózleri tárepinen, kishi klasslarda bolsa muǵallim tárepinen tańlanadı.

Temanı úyrenip atırǵanda balalardan pasport jaratıwdı sorawımız múmkin. Bul kompozitor, muzıka janrı yaki muzıka saz ásbabınıń pasportı bolıwı múmkin.

Simfoniyalıq orkestrde saz ásbaplar 4 toparǵa bólinedi hám partiturada joqarıdan tómenge qaray tómendegishe jaylasadı: - aǵashtan jasalǵan úpleme saz ásbaplar; - mıs úpleme saz ásbaplar; - urıp shertetuǵın saz ásbaplar; - tarlı-tartqıshlı saz ásbaplar.

***Tarqatpa materiallar.*** Tarlı-tartqıshlı saz ásbaplar topar ı- orkestrdiń eń tiykarǵı toparı esaplanadı. Bul toparǵa I, II skripkalar, alt, violonchel, kontrabaslar kiredi hám olar 5 nota qatarların iyelep, partituralardıń eń tómengi bóliminen orın alǵan. Atap ótilgen saz ásbaplar shıǵarmanıń tiykarǵı bólegin shertiw menen birge, joldas ırǵaqlar hám usıl – garmoniya kórinislerinde qosılıp shertiledi [3:21].

**Skripkanıń pasportı**

1. Atı – *skripka.*
2. Watanı – *Italiya.*
3. Payda bolǵan waqıtı – *XVI ásir.*
4. Shańaraǵı – *tarlı - tartqıshlı.*
5. Jaqın tuwısqanları - *alt, violonchel, kontrabas.*
6. Islep shıǵarıwshı sheber saz ásbap ustası – *Antonio Stradivari.*
7. Jumıs ornı - *solo, ansambl, simfoniyalıq orkestr.*

**Kontrabastıń pasportı**

1. Atı – *kontrabas.*
2. Watanı – *Italiya.*
3. Payda bolǵan waqıtı – *XVII ásir.*
4. Shańaraǵı – *tarlı-tartqıshlı.*
5. Jaqın tuwısqanları – *skripka, alt, violonchel.*
6. Islep shıǵarıwshı sheber saz ásbap ustası – *Mikele Todini.*
7. Jumıs ornı – *solo, ansambl, simfoniyalıq orkestr.*

**Alttıń pasportı**

1. Atı – *alt.*
2. Watanı – *Italiya.*
5. Payda bolǵan waqtı – *XVI ásir.*
6. Shańaraǵı – *tarlı-tartqıshlı.*
7. Jaqın tuwısqanları – *skripka, violonchel, kontrabas.*
8. Islep shıǵarıwshı sheber saz ásbap ustası - *Gaspare da Salo hám Andrea Amati.*
9. Jumıs ornı – *solo, ansambl, simfoniyalıq orkestr.*

**Violoncheldiń pasportı**

1. Atı – *violonchel.*
2. Watanı – *Italiya.*
5. Payda bolǵan waqtı – *XVI ásir.*
6. Shańaraǵı – *tarlı-tartqıshlı.*
7. Jaqın tuwısqanları – *skripka, alt, kontrabas.*
8. Islep shıǵarıwshı sheber saz ásbap ustası – *Andrea Amati.*
9. Jumıs ornı - *solo, ansambl, simfoniyalıq orkestr.*

***«Zig-zag» usılınan paydalanıw.*** «Zig-zag» metodı talabalar menen kishi toparlarda islewge tiykarlanǵan bolıp, temanı tez hám puqta ózlestiriwge xızmet etedi. Zig-zag metodı «basqalardı oqıtıw» metodı dep te ataladı.

**«Zig-zag» metodın ótkeriw qaǵıydaları:**

**1-basqısh.** Auditoriya kishi toparlarǵa bólinedi hám oqıw materialı bólip beriledi. Topardıń hár bir aǵzasına úyrenip shıǵıw hám topardıń basqa aǵzalarına túsindirip beriw ushın hár qıylı tarqatpa materiallar beriledi. Mısalı 1-topar aǵzalarına bir tapsırma, 2-topar aǵzalarına ekinshi tapsırma hám basqalarǵa da usıǵan uqsas haldaǵı tapsırmalar beriledi.

**2-basqısh.** Ekspertlik toparlar oqıw materialın úyrenedi hám onıń prezentatsiyasın tayarlaydı. Ekspert topar–bul birdey oqıw materialına iye hár qıylı kishi toparlardıń aǵzaları. Partner-ekspertler materialdı túsindiriwdiń usılların, jolların anıqlap aladı. Sońınan ekspert toparınıń basqa aǵzalarına materialdı túsindiredi hám olardıń qanday dárejede túsinip alǵanın anıqlaydı.

**3-basqısh.** Birgelikte úyreniw hám tekseriw ushın óz toparına qaytıw. Talabalar óz toparlarına qaytıp keledi. Usı jerde olar gezek penen bir-birin úyrenip shıqqan materialı menen tanıstıradı [4:218].

***Tarqatpa materiallar.*** Dúnyada úplep shertiletuǵın saz ásbaplarınıń túri kóp. Simfoniyalıq orkestrge kirgizilgen sonday saz ásbapları eki túrge – aǵash hám mıs úpleme saz ásbapları bolıp bólinedi.

Aǵashtan jasalǵan úpleme saz ásbapları toparına fleyta, goboylar, klarnet hám fagotlar kiredi. Bul ásbaplarda orınlanatuǵın muzıka partituranıń eń joqarǵı nota jollarına jazıladı. Mıs úpleme ásbaplar toparına valtornalar, trubalar, trombonlar hám tuba kiredi [3:24].

**1-topar talabalarına beriletuǵın tapsırma: fleyta.**

Fleyta – dúnyanıń eń áyyemgi saz ásbaplarınan biri bolıp, áyyemgi dáwirlerde, Mısır, Greciya hám Rimde belgili bolgan. Bul ápiwayı muzıkalıq ásbap fleyta ásbabınıń áyyemgi atası bolsa kerek. Eń sońǵı márte fleyta 1832-1847-jıllar aralıǵında sheber nemec saz ásbaplar ustası Teobald Byom tárepinen jetilistirilen. XVIII ásirdiń aqırınan baslap simfoniyalıq orkestr quramına kirgen. Orkestrdiń aǵashtan jasalǵan úplep shertetuǵın saz ásbapları qatarına kiredi.

**2-topar talabalarına beriletuǵın tapsırma: goboy**

Goboy fleyta menen óziniń payda bolıwınıń áyyemgiligi menen básekilese aladı. Ol óziniń shejiresin áyyemgi sırnaydan baslaydı. Evropaǵa goboydıń ata-babaları Jaqın Shıǵıstan kelgen. Goboy XVII ásirdiń ortalarında Franciyada payda bolǵan. Lyulli birinshi márte 1657-jılı óziniń «Úlken Amur» opera-baletinde qollanǵan. Orkestrdiń aǵashtan jasalǵan úplep shertetuǵın saz ásbapları qatarına kiredi.

**3-topar talabalarına beriletuǵın tapsırma: klarnet**

Klarnet (latınsha *klarino* - «taza», «ashıq») aǵashtan jasalǵan úplep shertetuǵın saz ásbapları qatarına kiredi. Ol XVII - XVIII ásirde payda bolǵan. Sheber francuz saz asbaplar ustası Iogan Kristof Denner tárepinen jasalǵan. 1755-jılı Yan Stamictiń orkestr ushın jazılǵan «Klarnet hám kontrabas simfoniyası» simfoniyalıq muzıkasında qollanıldı.

**4-topar talabalarına beriletuǵın tapsırma: fagot**

Fagot (italyansha *fagotto* - «túyin», «baylam», «buwat») aǵashtan jasalǵan úplep shertetuǵın saz ásbapları qatarına kiredi. Fagottıń ata-tegi eski bas sıbızǵı – bombada esaplanadı. Onıń ornına kelgen fagot XVI ásirdiń birinshi yarımında kanonik Afrano deli Albonezi tárepinen soǵılǵan. XVII ásirden simfoniyalıq orkestrge, XVIII ásirden bolsa áskeriy orkestrge kirgen. Fagottıń tuwıslasları goboy, ingliz rogi(múyizi).

**5-topar talabalarına beriletuǵın tapsırma: valtorna**

Zamanagóy valtornanıń arǵı atası *rog* (múyiz) edi. Áyyemgi dáwirlerden baslap, orta ásirlerde hám onnan keyingi dáwirlerde – XVIII ásir baslarına shekem - mergenlik, jarıslar hám saltanatlı saray máresimlerinde jańlaǵan. Ásbaptıń atı valtornanıń ótmishtegi wazıypasın esletedi: bul sóz nemecshe «Waldhorn» - «toǵay múyizi» sózinen kelip shıqqan. Birinshe márte 1664-jılı Jan Batist Lyulli tárepinen orkestrde qollanılǵan.

**6-topar talabalarına beriletuǵın tapsırma: truba**

Eń áyyemgi saz ásbaplarınıń biri. Biziń e.sh. 3600 jıl aldın áyyemgi Egipette, áyyemgi Greciyada, áyyemgi Qıtayda áskeriy saz ásbabı retinde qollanılǵan. Birinshi truba aǵa-ini Mannesmanlar tárepinen jasalǵan. Shama menen XVII ásirden baslap orkestr quramına kirgen. Orkestrdiń mıstan jasalǵan úplep shertetuǵın saz ásbapları qatarına kiredi.

**7-topar talabalarına beriletuǵın tapsırma: trombon**

Trombon óz atamasın trubanıń italyan tilindegi tromba atamasınan úlkeytiwshi «one» qosımtası menen alınǵan: trombone sózbe-sóz «trubalar» degen mánisti bildiredi. Trombon XV ásirde payda bolǵan degen boljawlar bar.

XVII ásirge shekem ol «saqueboute» (francuzsha) yamasa «sackbut» (inglizshe) dep atalǵan. Trombon XIX ásirde K.Zatler jetilistirgennen soń keń tarqaldı. Ol mıstan jasalǵan úplep shertetuǵın saz ásbapları qatarına kiredi.

**8-topar talabalarına beriletuǵın tapsırma: tuba**

Tuba – ádewir jas ásbap. 1835-jılı muzıkalıq saz ásbapların jasawshı sheber nemec ustaları Vilgelm Viprixt hám Karl Moric tárepinen jasalǵan. Dáslepki tubalar jetilisken bolmaǵan hám tek áskeriy jáne baǵ orkestrlerinde qollanılǵan. Franciyada saz ásbapları ustası Adolf Saks qolına túskennen keyin ǵana tuba simfoniyalıq orkestrdiń joqarı talapların qanaatlandıra basladı. Ol birinshi márte 1843-jılı simfoniyalıq orkestrde Rixard Vagnerdiń «Ushar gollandec» operasında qollanılǵan.

**«Erudit» usılı.** Ketekshede jasırılǵan saásbabınıń atın tabıw kerek. Hár bir tapsırmanıń durıs juwabı ushın 1 ball beriledi, orınlaw waqıtı – 10 minut.

Sońǵı márte 1832-1847-jıllar aralıǵında sheber nemec saz ásbaplar ustası Teobald Byom tárepinen jetilistirilen bolıp, orkestrdiń aǵashtan jasalǵan úplep shertetuǵın saz ásbapları qatarına kiredi.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | E | | | **A** |

1. Bul saz ásbaptı francuz kompozitorı Jan Batist Lyulli birinshi márte 1657-jılı óziniń «Úlken Amur» opera-baletinde qollanǵan. Aǵashtan jasalǵan úplep shertetuǵın saz ásbapları qatarına kiredi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | O | | | |

2. Latınshadan awdarması - «taza», «ashıq» degen mánisti bildiredi. Sheber francuz saz asbaplar ustası Iogan Kristof Denner tárepinen jasalǵan orkestrdiń aǵash demli saz ásbabı.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | **A** | | **N** | | |

3. Italyansha – «túyin», «baylam», «buwat» degen mánisti bildirip, aǵashtan jasalǵan úplep shertetuǵın saz ásbapları qatarına kiredi. Onıń tuwısları goboy, ingliz rogi(múyizi).

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | **G** | | |

4. Nemecshe «toǵay rogi» degen mánisti bildirip, mıstan jasalǵan úplep shertetuǵın saz ásbapları qatarına kiredi. Birinshe márte 1664-jılı Jan Batist Lyulli tárepinen orkestrde qollanılǵan.

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | **A** | | | **O** | | | |

5. Ayyemgi Egipette áskeriy saz ásbabı retinde qollanılǵan. Aǵa-ini Mannesmanlar tárepinen jasalǵan bolıp, orkestrdiń mıstan jasalǵan úplep shertetuǵın saz ásbapları qatarına kiredi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | **U** | | |

6. Óz atamasın trubanıń italyan tilindegi tromba atamasınan úlkeytiwshi «one» qosımtası menen alıngan: trombone sózbe-sóz «trubalar» mánisti ańlatıp, úlken truba degendi bildiredi.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | **R** | | | **B** | | |

7. Sheber nemec ustaları nemec ustaları Vilgelm Viprixt hám Karl Moric tárepinen jasalǵan. Ol birinshi márte simfoniyalıq orkestrde Rixard Vagnerdiń «Ushar gollandec» operasında qollanılǵan.

| | | | |
|---|---|---|---|
| | **U** | | |

*Juwapları:* 1. FLEYTA; 2. GOBOY; 3. KLARNET; 4. FAGOT; 5. VALTORNA; 6. TRUBA; 7. TROMBON; 8. TUBA.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, «Simfoniyalıq orkestr» temasın úyreniwde sabaq barısında joqarıda kórsetilgen interaktiv metodlardı qollanıw oqıwshı menen oqıtıwshınıń birgelikte islesiwin, oqıwshılardıń sabaqqa aktiv qatnasıwın hám jaqsı nátiyjelerge erisiwdi támiyinleydi.

**Ádebiyatlar**


1. Кларин М.В. Педагогическая технология в учебном процессе. – Москва: «Знание», 1989.
2. Деева Е.М. Применение современных интерактивных методов обучения в вузе. – Ульяновск: УлГТУ, 2015.
3. Mansurov A., Karimova D., Kamalova G. «Muzıka» 5-klass ushın sabaqlıq. – Tashkent: «Ǵafur Ǵulam», 2020,
3. Yuldoshev J., Hasanov S. Pedagogik texnologiyalar. – Toshkent: «Iqtisod-moliya», 2009.
4. Ro‘zieva D., Usmonboeva M., Holikova Z. Interfaol metodlar: mohiyati va qo‘llanilishi. Metodik qo‘llanma. – Toshkent: Nizomiy nomidagi TDPU nashriyoti, 2013.
5. Axunova G.N., Golish L.V., Fayzullaeva D.M. Pedagogik texnologiyalarni loyihalashtirish va rejalashtirish. – Toshkent: «Iqtisodiyot», 2009.
6. Штейнпресс Б., Ямпольский И. Музыка ҳәўескериниң қысқаша сөзлиги. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1983.
7. www.pedsovet.su
8. www.uchporal.ru



**REZYUME.** Maqolada umumta’lim maktablarida «Musiqa savodxonligi» fanini o‘qitishta interaktiv uslublardan foydalanish haqida so‘z etiladi. Tadqiqot ob’ekti sifatida «Simfonik orkestr» mavzusi tanlangan. «Simfonik orkestr» mavzusini o‘rganishda «Pasport», «Zig-zag», «Erudit» interaktiv uslublardan foydalanilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится об использовнии интерактивных методов в обучении предмета музыки в общеоброзовательных школах. В качестве объекта исследования была выбрана тема «Симфонический оркестр». При изучении темы использованы интерактивные методы: «Паспорт», «Зиг-заг», «Эрудит».

**SUMMARY.** This article discusses the use of interactive methods in teaching music in comprehensive schools. The topic of "Symphony Orchestra" was chosen as the object of study. The following interactive methods were used: "Passport," "Zig-Zag," and "Scrabble."